





LKPD


Bahasa Sunda
Lawungan Kadua
TRADISI: PARIBASA




Eva Dewi
Nurlatifah, S.Pd



TUJUAN PEMBELAJARAN



2. Memahami peribahasa Sunda yang menggunakan perbandingan hewan dan tumbuhan.



2.1 Menyebutkan arti minimal lima peribahasa Sunda.





MANA KALIMAH ANU NGANDUNG PARIBASA?

?

Antara salaki jeung pamajikan téh kudu ka cai jadi saleuwi ka darat jadi salebak.

?

Puguh keur hayang nuang baso, ai jol téh aya nu ngirim. Meni asa ditonjok congcoot.

?

Si Andi mah gedé hulu budak téh.



2. Menyimak

Peribahasa



“Dina geus ngahijina ngawangun rumah tangga, antara salaki jeung pamajikan téh kudu ka cai jadi saleuwi ka darat jadi salebak, maksudna kudu hirup babarengan jeung sauyunan salilana.

Dina sempalan kalimah di luhur, aya ungkara “Ka cai jadi saleuwi ka darat jadi salebak”. éta ungkara téh mangrupa salasahiji conto tina paribasa anu hartina hirup sauyunan salilana. Ieu pariasa ngagunakeun babandingan tina alam nyaéta leuwi jeung lebak.

Uga

Cacandran

Pakeman
Basa

Paribasa

Catur-
rangga

JADI PARIBASA NYAÉTA

WANGENAN PARIBASA

Hayu diajar!

paribasa mangrupa bagéan tina pakeman basa. Ari pakeman basa nyaéta wangun basa husus tur mandiri. ieu wangun basa geus boga harti anu matuh, teu bisa dihartikeun sawaréh-sawaréh.

paribasa nyaéta ungkara basa dina wangun kalimah anu harti jeung maksudna geus matok sarta miboga harti minangka siloka lakuning hirup manusa



Hayu urang néang makna paribasa

KELOMPOK 1

1. Ngaliarakeun taleus ateul.
2. Nulungan anjing kadempét.
3. Cukup belengur baraganaya.

KELOMPOK 2

1. Lamun diarah supana kudu dipiara catangna.
2. Uncal tara ridueun ku tanduk.
3. Moro julang, ngaleupaskeun peusing.

KELOMPOK 3

1. Awi sadapuran tara lempeng kabéh,
2. monyét dibéré séséngkéd.
3. halodo sataun lantis ku hujan sapoé.





Hayu urang néang makna paribasa

KELOMPOK 4

1. Ka luhur henteu sirungan, ka handap henteu akaran.
 2. kawas jelér kasaatan.
 3. Aya nu dianjing cai
- 

KELOMPOK 5

1. Tungkul ka jukut tanggah ka sadapan.
2. Nyiar hurang meunang kancra.
3. Sadom araning baraja sakunang araning geni.





Tah, néangna di dieu...

a. nyebarkeun kagoréngan nepi ka nyieun kaayaan jadi harénghéng atawa timbul papaséaan

b. di hiji kulawarga, najan saturunan, tapi anakna tacan tangtu sarua kalakuanana, aya nu alus aya anu goréng,

c. nulungan jalma anu keur susah, ari geus senang malah malik nyilakakeun ka anu nulungan.

d. lamun urang boga penghasilan tina hiji barang, ku kituna barang téh kudu dipiara.

e. dina kahirupan sapopoé, kudu ngeunteung ka anu lian, sangkan teu dianggap béda jeung batur.



Tah, néangna di dieu...



f. jalma anu loba élmu moal ridueun ku élmuna.

g. jalma anu teu berkembang jeung boga nasib sial. biasana dilantarankeun ku doraka ka kolot.

h. teu meunang nyapirakeun kana hal-hal leutik.

i. méré kasempetan ka jalma anu teu jujur,

j. teu milih kasempetan anu geus puguh malah milih kasempetan anu can puguh nguntungkeun.





Tah, néangna di dieu...



k. réla ngaluarkeun biaya gedé sangkan dipuji ku jalma lian.

l. ngalakukeun hiji pagawéan sabab aya anu dipikahayang.

m. ngibaratkeun budak anu teu bisa cicing, gawéna lumpat ka ditu ka dieu.

n. meunang milik anu teu disngka-sangka.

o. kahadéan nu geus lila dipopohokeun lantaran ngalakukeun kasalahan anu saeutik.





Minggu hareup urang bakal diajar ngalarapkeun paribasa dina paguneman jeung dina kalimah. Pancén hidep di imah nyaéta nyieun paguneman anu di jerona aya paribasa dumasar kana paribasa kelompok séwang-séwangan. Pagunemanna dijieun dina basa Sunda heula.

Conto paguneman

KELOMPOK 1

Nulungan anjing kadempét

A: "Boro-boro nganuhunkeun, da ieu mah kalah ngarugikeun ka nu nulungan téh."

B: "Atuh sarua jeung nulungan anjing kadempét."

A: "Puguh enya, Tapi ah keun bae, da kuring mah niatna gé hadé."

B: "Enya, sanggakeun wé ka Gusti Allah Anu Maha Adil."

KELOMPOK 2

Monyet dibéré séséngkéd

A: "Ti baréto gé geus kanyahoan yén manéhna téh jalma teu jujur."

B: "Ari kitu, ayeuna kumaha éta jelema téh."

A: "Cenah mah rek diangkat jadi ketua koperasi."

B: "Atuh sarua waé jeung monyet dibéré séséngkéd mun kitu mah."

KELOMPOK 3

Uncal tara ridueun ku tanduk

A: "Harta banda mah matak beurat mawana, komo lamun loba."

B: "Béda jeung nu loba elmu, tara tepi ka matak beurat mawana."

A: "Apan ceuk paribasa gé uncal tara ridueun ku tanduk."

B: "Enya, élmu mah teu matak beurat mawana."



Conto paguneman

KELOMPOK 4

Ka luhur henteu sirungan, ka handap henteu akaran

A: "Kudu hadé ka indung-bapa, ulah sok nganyerikeun, boh dina omongan boh dina kalakuan."

B: "Jalma anu kitu mah biasana gé ka luhur henteu sirungan kanhandap henteu akaran."

A: "Enya, hirupna tara jamuga ti keur di dunya kénéh."

B: "Sabalikna, lamun urang hadé ka indung-bapa hirup téh bakal salamet."

KELOMPOK 5

Tungkul ka jukut tanggah ka sadapan

A: "Hirup di masarakat mah ulah sok aneh-aneh, kudu akur jeung kabiasaan umum."

B: "Enya, apan urang téh kudu tungkul ka jukut tanggah ka sadapan."

A: "Lamun urang beda ti batur, engkena sok jadi bahan omongan."

B: "Jeung matak cape we ka urang na ge deuih."

